Муниципальное автономное общеобразовательное учреждение базовая средняя общеобразовательная школа № 7 им. А.С. Пушкина с углубленным изучением английского языка

# Урочы темæ: аргъау

# «Уæздан цъиу»



Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг

Хъалабекты А.А.

**Урочы темæ: аргъау «Уæздан цъиу»**

**Урочы нысан: 1.** Бакæсын æмæ равзарын аргъау « Уæздан цъиу» Ныффыссын дамгъæ Цъ.

**2**. Ахуыр кæнын аразын дзырдтæ, дзырдтæй хъуыдыйæдтæ. Ныхасы рæзтыл кусын.

**3.** Сывæллæттæм гуырын кæнын рæсугъд æнкъарæнтæ, ахуыр кæнын уæздандзинадыл, æрхъуыдыдзинадыл.

**Цæст.æрмæг**. Интерактивон фæйнæг, нывтæ, чингуытæ.

**Урочы цыд.**

1. **Орг.хай.**
2. **Фонетикон зарядка.**
3. **Хæдзарон куыст сбæрæг кæнын.**
4. **Физминуткæ.**
5. **Ног æрмæг.**
6. **Физминуткæ.**
7. **Къухфыст.**
8. **Хатдзæг.**
9. **Хæдзармæ куыст раттын.**

**1. Организацион хай.**
**Боныхъæдæй бафæрсын.**

-Уæ бон хорз.
-Сбадут.
-Цæтæ стæм урокмæ, уæдæ нæ куыст райдайæм.
- Зæгъут ма мын:
-Цавæр афæдзы афон у ныр?
-Уалдзæджы разæй та цавæр афæдзы афон уыди?
-Уалдзæджы фæстæ та цавæр афæдзы  афон уыдзæн?
-Цавæр афæдзы афон нæ загътам?
-Абон та кæцы нымæц у?
- Къуырийы бонтæй та абон цы бон у?
-Знон та цавæр къуырийы бон уыди?
-Райсом та цавæр къуырийы бон уыдзæн?

- Уœдœ къуырийы цал боны ис?

**2. *Фонетикон зарядкœ.***
**А).**
-Ракœсут ныр фœйнœгмœ.
-Фœйнœгыл ис кавказаг мыртœ, сфœлхат сœ кœнœм.
**Хъ** - хъыбыл, хъœдхой, …
**Къ** - къаба, къухтœ…
**Гъ** - булœмœргъ, зыгъарœг…
**Цъ** - цъыф, цъай, цъиу…
**Б).**
– Фœйнœгыл дамгъœтœ.
- Ракœсут фœйнœгмœ.
-Ацы дамгъœтœй мах œртœккœ сарадзыстœм дзырдтœ.
- Дзырдтœй та хъуыдыйад.



***Ӕрцыд уалдзœг.***



- Ӕрцыд уалдзœг. Бœстœ райхъал. Фœхъармдœр. Хуры тынтœм тайы мит.
- Уалдзœджы ма цавœр ивддзинœдтœ œрцœуы?



(- ***Цъиутæ хъарм бæстæй æрбатæхынц. Райхъуысы сæ зарын).***
**3.Хœдзармœ куыст.**-Радзурут ма хœдзармœ цы œмдзœвгœ лœвœрд уыд уый.

**« Цъиу –цъиу – цъиу»**
Цъиу, мœ гыццыл цъиу, мœ хœлар,
Барœвдз дын кодтон дœ хœдзар.
Ног нœ дыргъ бœлœстœй ракœс,
Демœ зарджытœ œрбахœсс.
Цъиу, мœ гыццыл цъиу, мœ хœлар,
Барœвдз дын кодтон дœ хœдзар.



Не стыхсдзынœ уым œппындœр,

Рауадздзынæ дзы лæппынтæ.

(*Цæгæраты Гиго.)*

**4. Физминуткæ.**

Къухтæ! Къухтæ!
Айрæзут!
Къухтæ! Къухтæ!
Атæхут!
Къухтæ! Къухтæ!
Амбæхсут!
Къухтæ! Къухтæ!
Мæнæ стут!

Къах лæууы, лæууы, лæууы!
Къах цæуы, цæуы, цæуы!
Къæхтæ кафынц, кафынц, кафынц!
О мæ къæхтæ, гыццыл къæхтæ!
Ох!

**5. Ног æрмæг.**

-Не'мдзæвгæйы дæр ахæм цъиуы кой кæнæм, хъарм бæстæй уалдзæджы чи æрбатахт.
- Ракæсут ма фæйнæгмæ.
- Нæ фæйнæгыл дæр ис мæргъты нывтæ.
-Зæгъæм –ма, цавæр мæргътæ сты.

***Сауцъиу-скворец***
***Цъиах- галка***
***Бурцъиу-иволга***
***Зæрватыкк- ласточка***

  

- Ацы цъиутæй иу у уæлдай.
- Ахъуыды ма кæнут æмæ зæгъут, кæцы æмæ цæмæн у уæлдай?
- Цæмæй хицæн кæнынц иннæ мæргътæ каркæй?

- Цавœр хœдзарон мœргътœ ма зонут? (хъаз, бабыз, гогыз).
- Дзœгъœлы сœ не’рлœууын кодтам нœ зœрдыл хœдзарон мœргъты.

**Абон бакœсдзыстœм аргъау «Уœздан цъиу».**
- Базондзыстœм цавœр уœздандзинад равдыста хъазы цъиу.
- Кœсыны разма уал дзырдтœ равзарœм.
- Ракœсут ма фœйнœгмœ.

1. **Дзырдтœ кœсœм иронау.**

Доны был – берег
Мœнœуы гага – зёрнышко пщеницы
Уœздан – скромный
Æвваст – неожиданно
Хœлар дын уœд – на здоровье

**2. Ныр та уырыссаг œвзагœй ирон œвзагмœ ратœлмац кœнут дзырдтœ.**

Берег – доны был
Зёр. пщеницы – мœнœуы гага
Скромный – уœздан

**3. Ныр уœ чингуытœ байгом кœнут 95 фарсыл. Аргъау «Уœздан цъиу».**

-Текст уœхи нымœр бакœсут.
- Фестœм каст.
- Аныхас кœнœм.

**4. Фœрстытœ.**
- Чи сты сœйраг архайджытœ?
- Цы ссардта хъаз?
- Цы бафарста хъаз йœ цъиуты? (бакœсут чиныджы).
- Цавœр дзуапп ратта къаддœр цъиу? (бак. ма чиныджы).
- Чи дзы разынд уœздандœр?
-Цœмœн?(œрхъуыдыдзинад йœм разынд).
-Цавœр œмбисонд зонœм мады тыххœй? («Мады хъœбыс авдœн у»).

**5. Кœсœм рольтœм гœсгœ.**(автор, хъаз, стырддœр цъиу, къаддœр цъиу)

**6. Хатдзœг.**
- Аргъау уœ зœрдœмœ фœцыдис?
- Чи уын дзы фœцыд уœ зœрдœмœ?
- Раст бакодта?
- Цавœр уœздандзинад равдыста къаддœр цъиу?

**«Мадмæ хъусын хъæуы. Мадыл хъуыды кæнын хъæуы. Мадæн аргъ кæнын хъæуы.»**

-Мах дæр афтæ кæндзыстæм?

***7. Физминуткæ.***
*Хорз бакуыстам. Ныр слæуыт æмæ иу гыццыл ауылæфæм.*

**«Уалдзыгон зарæг».**
Цъывви- цъывви, цъиу – цъиу – цъиу!
Бæласæй ныззарыд цъиу,
Уалдзæг, уалдзæг, тавы хур,
Цъиу-цъиу-цъиу, цъыбар-цъыбур!

Цъывви-цъывви, цъиу-цъиу-цъиу,
Ацы’рттиваг, цымæ, циу?
Лæппын сыфыл кафы хур…
Цъиу-цъиу-цъиу, цъыбар-цъыбур!
(*Астемыраты И.).*

**7. Къухфыст.**
- Ныр та иу гыццыл афысæм. Байгом ма кæнут уæ къуфыстытæ нудæсæм фарсыл.
-Ссардтам дамгъæ Цъ. Фыссæм 2-æ рæнхъы дамгъæ Цъ.
-Æртыккаг рæнхъыл фыссæм уæнгтæ. (цъа, цъи, цъу).
-Иу гыццыл ма уæ ручкатæ æрвæрут æмæ фæйнæгмæ ракæсут.
-Фæйнæгыл ис 3-æ дзырды, цухгонд дамгъæтимæ. Ахъуды ма кæнут цавæр дамгъæтæ хъæуы баффыссын ацы дзырдты.
- Чи рауайдзæн фæйнæгмæ.
-Ныр та фæстæмæ уæ къухфыстæм æркæсут.
- Фæйнæгыл цы дзырдтимæ бакустам, уыцы дзырдтæ уын лæвæрд цæуынц хъуыдыйады.
-Бакæсут ма мын хъуыдыйад.
-Ныр та йæ ныффыссут.

**8. Хатдзæг.**
- Абон нæ урочы цæуыл дзырдтам.
-Мах дзырдтам хъарм бæстæйæ цы мæргътæ æртæхынц, уыдоныл.
-Нæ зæрдыл æрлæууын кодтам хæдзарон мæргътæ æмæ бакастыстæм аргъау «Уæздан цъиу». Æмæ базыдтам куыд уæзданæй равдыста йæхи хъазы къаддæр цъиу.

**9. Хæдзармæ куыст.**
**а).** Аргъау кæсын.- 95 фарсыл.
**æ).** Къухфысты дарддæр ныффыссын.-19 фарсыл